



Enfòmasyon ak Fason pou Aplike



Rezidan New Jersey ki kalifye kòm Rèvè New Jersey (NJ Dreamers) yo ka aplike pou asistans finansyè Eta a atravè New Jersey Alternative Financial Aid Application, Higher Education Student Assistance Authority (HESAA) administre.

Ki moun ki dwe ranpli aplikasyon sa a?

Ranpli aplikasyon sa a si w ap viv nan New Jersey, si ou pa kalifye pou depoze yon Aplikasyon Gratis pou Asistans Federal pou Etidyan (Free Application for Federal Student Aid, FAFSA), epi si ou satisfè tout kondisyon ki vini annaprè yo:

- Te frekante lekòl segondè nan New Jersey pandan omwen twa (3) ane;
- Te gradye nan yon lekòl segondè New Jersey oswa te resevwa ekivalan yon diplòm lekòl segondè New Jersey; epi
- Kapab depoze yon deklarasyon sou sèman ki endike ou te depoze yon aplikasyon pou regularize sityasyon imigrasyon ou oswa ou pral ranpli yon aplikasyon yon fwa ou kalifye. immigration status or will file an application as soon you are eligible to do so.

Eskane kòd QR la pou aprann plis epi kòmanse jodia!

Yon fwa ou fin kreye yon kont Sistèm Jesyon Asistans Finansyè New Jersey (New Jersey Financial Aid Management System, NJFAMS) epi ou fin ranpli aplikasyon w lan nan pòtay NJFAMS la, HESAA ap voye ba ou enfòmasyon sou pwochen etap yo nan adrès imèl ou te bay nan aplikasyon w lan. Siveye imèl ou epi verifiye kont NJFAMS ou pou wè si HESAA bezwen plis enfòmasyon pou konplete oswa verifiye aplikasyon w lan epi pou konnen si ou kalifye pou sibvansyon ak bousdetid Eta. Etablisman ansèyman siperyè ak inivèsite New Jersey ou te endike nan aplikasyon w lan ka konsilte tou si w kalifye pou asistans finansyè.



Dat limit pou soumèt Aplikasyon pou Èd Finansyè Altènatif New Jersey (NJ Alternative Financial Aid Application) pou Ane Akademik 2026-2027

Renouvèlman Èd Finansyè pou Frè Ekolaj (Tuition Aid Grant, TAG) Etidyan	15 Avril 2026
Tout lòt etidyan yo	15 Septanm 2026
Prentan 2027 Sèlman	15 Fevriye 2027

Pou lòt dat limit enpòtan yo, tanpri vizite: www.hesaa.org/Pages/StateApplicationDeadlines.aspx

Si ou gen nenpòt kesyon, kontakte ekip Sèvis Kliyan nou an nan 800-792-8670.

Yo ofri yon sèvis entèpretasyon gratis atravè telefòn pou moun k ap rele yo nan prèske 300 lang diferan.

New Jersey Alternative Financial Aid Application se yon aplikasyon konfidansyèl Otorite Asistans pou Etidyan Edikasyon Siperyè (Higher Education Student Assistance Authority, HESAA) itilize sèlman pou detèmine si etidyan yo satisfè kondisyon kalifikasyon pou resevwa èd finansyè Eta a. Done yo kolekte yo pa itilize pou rezon asistans finansyè federal. Lwa Federal sou Pwoteksyon Vi Prive, ki gen ladan 16 C.F.R. Pati 313, pwoteje enfòmasyon ki pataje avèk HESAA atravè aplikasyon sa a, epi se sèlman HESAA, etablisman ansèyman siperyè/inivèsite patnè yo, ansanm ak lòt ajans Eta yo ki itilize li pou administre sibvansyon ak bousdetid Eta. HESAA ap kontinye fè tout sa ki nan pouvwa li ak nan jiridiksyon li pou pwoteje konfidansyalite enfòmasyon sa a epi li p ap divilge li san yon sitasyon oswa yon lòd tribinal ki valab.